ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№141-142 (21.300) ● 2008 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 23, бзрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен республикэм и Іуэху зыІутхэм щегьэгъуазэ УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Ипщэ щІыналъэм щыІэ Устинов Владимир.

Устинов Владимир «11-м я къэувыІэпІэм» нэс докІ

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Урысей Ипщэ федерал округым щыІэ Устинов Владимир Къэбэрдей-Балъкъэрым эзрыщыхьэщІа махуитІым кьриубыдэу Іуащхьэмахуэ районым щыІащ. А зекІуэм абы и гъсащ КЪБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен.

ІУАЩХЬЭМАХУЭльапэ хуэкІуэ гъуэгум здытетым, ахэр Іухьащ «Агро-Ком» ОАО-м иджырей итальян технологиехэм тету ихуэу теплицэ комплексым. ЕтІуанэу кьыщІыувыІам, гъуэгурыІуэхэм зрагъэлъэгъуащ гъунапкъэхьумэхэм я «Терскол» дзэ кьалэщІэр. Азаф уэхым поліпредыр щыІущІащ «Ай-Би-Си» ухуакІуэ компаниеи и лэжьакІуэхэу Іуащхьэмахуэ дэкІ 2-3-нэ хІапІэ гъуэгуэр зыукъуэдийхэм, къуршхэм я къэувыІэпІэ» зыфІащащ теугъуэм (километр 4000 льагаІІэм щыІэм) нэс.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Урысей Ипщэ федерал округым щыІэ Устинов Владимир ежьэжащ махуэм и етІуанэ Іыхьэм.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Прохладнэ куейм щыІэ Іуахущ1апІэхэр щызэрагъэльагъум. *Сурэтхэр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Сабийхэм зэрадэІэпыкъуну ахъшэр сом мелуани 8-м щІегъу

Бадзэуэгъуэм и 19-м Къэбэрдей-Балъкъэрым республикэпсо щыпсэу щыхьэху щекІуэкІащ сабийхэм защІэгъэкъуэнымрэ теухуауэ. ЗэкІэ къыззрабжамкІэ, абы къыщалэжьар сом мелуани 8-рэ мин 312-рэ мэхъу. АбыкІэ хъыбар дигъэщІащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Амщыкъуэ ФатІимэ.

ЩЭБЭТ щІыхьэхур зэщІэгъэуІуауэ екІуэкІащ. Абы республикэм щыпсэухэм ящыщу цыхьу мин 70-м щІигъу, предприятэу, организацэу 2587-рэ хэтащ. Щэбэт щІыхьэхэм и фондым нэхъыбэ дыдэ хэзыльхьахэм ящыщу Налшык къалэр (сом мелуани 3,5-рэ), Прохладнэ кьалэр (сом мин 860-рэ), Тэрч районымрэ Бахьсэн къалэмрэ (дэтхэнэми сом мин 500), Аруан районыр (сом мин 475-рэ), Іуащхьэмахуэ районыр (сом мин 420-рэ).

Мыпхуэдэ лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэ къэс кьыщызэрагъэпэщ хуэмышІауэ псэу унагъуэхэм, бын куэд зэрыс унагъуэхэм ящыщу школым щеджэхэм социальнэ дзэпыкъуныгъэ иратын папщІэ. Гъэ еджэгъуэщІэм щІидзэжьным и пэ кьихуэу сабий 8177-м дэІэпыкъуныгъэ иратынущ, дэтхэнэми сом мин хуэзэу.

КъБР-м сом мелард 1,2-рэ къыльос

ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІэнатІэм щрагъэкІуэкІ реформэр дэІыгъыныкІэ фондым ахъшэ зритыну щІыналъэхэм ди республикэри яхэхуащ. Бадзэуэгъуэм и 21-м щІыналъэхэм я лІыкІуэхэм селекторкІэ щызэпсалъэм апхуэдизу жІащ къэрал корпорацэм - псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм щрагъэкІуэкІ реформэхэр дэІыгъыныкІэ фондым и генеральнэ директор Цицин Константин.

А МАХУЭМ Москва щыІэ студием псалъэмакъ драгъэкІуэкІащ федерацэм и субъектэ 34-м. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыкІэ а зэІуэцІэм хэтащ республикэм промышленностым, гъэсакІыныхьэнергетикэ комплексымрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ Бэлагаты Борис.

Цицин Константин кьигъэтьэгъуащ нобэм ирихьэлІэу щІыналъэу 12-м я заявкэхэр кьызэращтар икІи абыхэм псори зэхэту сом меларди 8-м нэс зэрыхуаутІыпщащ. «Нэхъ узыщыгУфЫкІыныр мы Іуэхум хэтыыр дызэрыгг интэсэм кьриуубыдэу Урысей Федерацэм и цІыхухэм ящыщу зы мелуанрэ ящыщ щІигъуи я псэупІэхэр зэрырагъэфІэкІуэфынурщ», - кьыхигъэщхьэхукІащ къэрал корпорацэм и генеральнэ директорым.

Мы гъэм псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм щекІуэкІ реформэхэр дэІыгъынымкІэ фондым кьыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 285,5-рэ кьыІэрыхьэщ, псори зэхэту илъэси 4-м кьриубыдэу сом зы мелардрэ мелуан 243-рэ кьыхуаутІыпщынущ.

Нобэ Цицин Константин лэжьыгъэ ІуэхукІэ КъБР-м къэкІуэну поплъэ. Республикэм и Президент Кьанокъуэ Арсен епсэлъэ нэужь, лъэныкъуитІым я мурадщ фэтэр куэд хъу унэхэр капитальнэу зэгъэпэщІыжыным, унэ кьхьахэхэм щІэс цІыхухэр кьыщІэгъэІэпхъукІыным трагъэкІуэдэн папщІэ финансхэр республикэм кьыззрыхуаутІыпщыну зэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзыну.

ХЬЭПЭ Маринэ,
КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Ильэс 13-кІэ къалъыхъуа иужь

Белград и гъунэгъуэу автобусым ису яубыдащ босние сербхэм я пашэу щыта Караджич Радован. Ар ягъэкъуанщэ езым и унафэкІэ 1995 гъэм мусльмэн мини 7-м щІигъу зэрауакІамкІэ. Гаагэ и дунейпсо судым кьигъэуват кьызэрагъэту ар езым иратыну. США-р хьэзырт ар кьэзыубыдым доллар мелуани 5 иратыну, апхуэдизм ахьшэкІэ хуэупсэну хьэзырт кьухьэпІэ кьэрал зыбжани.

Абы щыгъуэми Караджич тынщу кьаубыдыфынут, зигъэпщкІуІщэртэкьымИ. Иджы щытхьІэм зихьуэжащ: Танич Борис зи унафэщІ серб правительствэр хущокъу кьэралыр Евросоюзым хигъэхьэну. Ауэ ар зригъэхьулІэн папщІэ КъухьэпІэм зыкъомкІэ худичыхьн хуейщ. Абыхэм ящыщу мы Іуэхурт.

Караджич зэраубыдам Югославиемкі щытыкІэр щызэщІигъэпльащ. Сараевэ щыщ мусльмэнхэр абы хуабжьу щыгуфІыкІащ, ауэ Белград пжІыуэр щекІуэжащ ар эрагъэтІысар ямыдэу.

Урысейм кьельытэ Гаагэ Югославиемкі и дунейпсо судыр зэхуащІыжьын икІи Караджич и Іуэхум езыр зыщыщ кьэралым щыкъэплъэн хуейуэ.

Сыт и лъэныкъуэкІи

Киев щызэпсэльащ Украинэм и президент Юшенкэ Викторрэ Германием и канцлер Меркель Ангелэрэ.

НаІуэу зэрыщытщи, Украинэр НАТО-м хыхьэныжьІэ лъэпощхьэпІэ нэхъыщхьэу къэуцІ Германиерщ. Юшенкэ Виктор сыт и лъэныкъуэкІи хущІэкъуащ Германием и Іуэху бгъэдыхьэкІэр иригъэхьуэжыну, ауэ ар абы кьехьулІакъым.

Езым и щхьэм зэран хуохьуж

ООН-м Шынагъуэшхьэмкі и Советым щытепсэлъыхьащ урысей дзэ кхъухьлъатэхэр, гъунапкъэр зэпаупщу, Куржым и узэгум хыхьа хуэдэу Тбилиси ита тхьэусыхафэм. Абы теухуауэ зы унафэ пыухыкІан кьащтакъым.

УФ-м и лІыкІуэу ООН-м зэпымыууэ щыІэ Чуркин Виталий и псальэхэм ятепщІыхьмэ, Куржыр езым и щхьэм зэран хуохьуэ: хьэгъэщагъэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьимылъыхьуэу, пщы имыуспсу псом япэу абы игъэзэщІэн хуейщ нэхьапэм зэращыІла зэгурыІуэныгъэ псори.

Псыдзэхэр мэятэ

Тэтэрым и кьалащхьэ Кьэзан и уэрамхэм дыгъуасэ уигу кьагъэкІыжырт псыежьхэхэр. Ящыныкъуэхэм деж ахэр льэгъажьэм кьэсыртэ. Уебдэмэ метрор зэхуащІын хуей хьуащ, псыдзэр зэрыщІэуам кьыхэкІыу.

Апхуэдэ дыдэу уэшхьышхэ кьыщешхащ Самарэ областым щыІэ Андросевкэ кьуажэм. Мыбы зы секундым метр 35-рэ и псынщІагъэу жьы кьыщепщащ. Сом мелуан зыбжанэ и уасэ хэщІыныгъэхэр кьэхьукъащІэ щынагъуэм кьихьауэ кьалытэ.

Мелард зыбжанэ

Дыгуасэ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Кремлым щепсэльащ Венесуэлэм и Іэтащхьэ Чавес Уго.

Льэныкъуэхэм кьалэтащ Іуэху куэд. Абыхэм зэгурыІуэныгъитхум Іэ традзащ. Зыр теухуащ Венесуэлэм доллар мелард зыбжанэ и уасэ ІэщІэжр Урысейм и деж щищэхуным.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

♦ Египет Хьэрып Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - Революцэм и махуэщ (1952).

♦ Ильэс 34-рэ и пэкІэ «полковник фыщІэхэм» я диктатурэр щытрадзри, Альджэм (Грециием) демократиер щызэфІагъэувэжащ (1974).

♦ Оманым и сультІан Кабус бен Саид тетыгъуэр Іэрыхьащ (1970).

♦ 2005 гъэм Шарм-эш Шейх (АРЕ) щалэжьа террорист щІэпхьащхьагъэм щыкуэ 64-рэ хэщІэдащ хамэ кьэралхэм щыщу 12 яхэту. ЩІыхуэ 124-м фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр ягъуэтащ.

♦ Сингапурым щекІуэкІащ Урысей - АСЕАН зэІущІэр.

♦ Бадзэуэгъуэм и 23-29-хэм Гонконг (КНР) тхылъ жармыкІэ щекІуэкІынущ.

♦ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикьэ 45-м, кьухьэкІынущ сыхьэт 20-рэ дакьикьэ 42-м.**

♦ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикьэ 57-рэ.**

ПлІанэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Льэпкъ Іущыгъэ:

ФІым и бзыхьэхуэ кІуэдыркъым.

● Ерыскъы промышленность

Іуэхум йоужьэрэкІ

Къабэрдей-Балъкъэрым и консерв заводхэр хадэхэкІ пасэхэм щІэгъэхуэбжьауэ йолэжь. Къапщтэмэ, предприятэ 12-м кьаныз щІигъуэ щымыІэу горох щхъуантІэр зыхуей хуагьэзащ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм ерыскъым, ерыскъыхэкІхэм елэжь промышленностымкІэ и кьудамэм и унафэщІ Ксанаевэ Риммэ зэрыжиІамкІэ, бадзэуэгъуэм и 21-м ирихьэлІэу кьыщІагъэкІащ горох щхъуантІэу тонн мини 6,5-рэ зэрыльэ банкІ зэмылІэужьыгъуэу мелуан 24-рэ. Ар нэгьабэ ягъэхьэзырам хуэдэу 3-м щІегъу. Абы и процент 62-р кьэнжал пІащІэм кьыхэщІыкІа банкІэхэр куэду кьыщагъэсэбэп «Агро-инвест» ООО-м и Іэдакъэщ1экІщ. Ксанаевэ Риммэ кьыззригъэлъэгъуамкІэ, ди республикэм горох консерву щагъэхьэзырым и процент 80-р гъущІ банкІэхэм ирапхьэ.

Мы гъэм ди хозяйствэхэм горох щхъуантІэр яхуэбгъэгъащІ. Абыхэм кьащІрахьэлІэжащ тонн мини 7-м нэблагъэ. Ильэс 30 льандэрэ апхуэдэ зэфІэкІ ди республикэм иІакъым.

Бадзэуэгъэгъуэ и 4-м нащэ пасэр гъэфІэІун щІадзащ. Абы консерв заводу 7 йолэжь. Мы гъэм а ерыскъыфІым хуэдэу тонн мини 6,4-рэ ягъэхьэзырыну я мурадщ. Ар нэгьабэрей бжьыгъэм щІегъу.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

ЗэгъэтІылъэкІыпІэ зимыІэ

●Зэхуэсхэр

АРУАН КУЕЙадминистрацэм щекІуэкІащ Нарткьалэрэ кьуажэ администрацэхэмрэ я унафэщІхэр зыхэта зэІущІэ. Абы кьыщаІэтащ мы зэманым япэ игъэщІапхъэ жьылагъуэ Іуэхухэр.

Псом ящхьэ кьыгъэлъэгъуар нобэ щІыхубэр зыгъэзыІейтей афиняным ебзыньымкІэ кьэгъэсэбэпапхъэ Іэмалхэрщ: мы лъэхъэнэм зэфІэкІыу яІэр ирахьэлІэнущ щІыхум и акьылыр зыгъэутхьуэ щхьэхьэр кьызыхах гъэкІуэдыным. Мы Іуэхур зэрыраГъэкІуэкІыну щІыкІэм теухуауэ кьэпсэльащ КъБР-м и УФСКН-м и куей кьудамэм и унафэщІ Къэрэгъуэ Замир. Афиняныр зэзыхьэлІэхэм япэщІэтыныкъмкІэ кьуажэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэм теухуауэ жьылагъуэ администрацэхэм я лІыкІуэхэм я Іуэху епльыкІэхэмэ зэхуэсым щыхэплъащ икІи унафэ пыухыкІахэр кьыщащтащ.

ЖАНХЬУЭТ Зуэ.

● Хъыбарыф1

Тут Заур и цІэр Льэпкъым и Дыщэ Фондым хатхэ

● Мэкъумэш Іэнатіэ

Хьэцэпэцэр Іуахыж

МЫ МАХУЭХЭМ Дзэлыкъуэ куейм бжьыхьэсэ гъавэр щыІуахыж. Хьэцэпэцэу иджыпстэ куейм иІэщ гектар мини 8-м нэблагъэ. Абы щыщу гуэдзыр мини 3-м, хьэр - 1600-м нос.

Мэкъумэш хозяйствэмкІэ район управленэм и агроном нэхъыщхьэ Тэтэркъан ЛатІиф щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, хьэуэ гектар 200 Іуахыжащи, гъавэм и щытыкІэм ущымыгуфІыкІынкІэ Іэмал иІэкъым: бжьыхьэм хаса хьэм зы гектарым хуэзэу центнер 35, гъатхасэм - 32-м щІигъу кьыстрах. Дзэлыкъуэ районым и мэкъумэш хозяйствэхэм кьрахьэлІэж хьэм и бзварыкмкІэ иджыпсту республикэм бжьыпэр щаІыгъщ. Хьэмрэ гуэдзымрэ кьадэкІуэу мы куейм нартыхуу гектар мини 10-м нэблагъэ иІэщ. Уэшхи дыгъэри зэхуэдэу и чэзум зыгъуэта гъавэм и щытыкІэм мэкъумэшыщІэхэр арэзы тохьуэ. Гъавэр зэрыльахьыжьну мэкъумэш техникэмкІэ районыр мыЕейуэ кьызэгъэпэщащ. Бэджэндырылажьэхэм комбайну 29-рэ яІэщи, хьэцэпэцэр кьехьэлІэжьынымкІэ зэдзэІэпыкъунущ.

ЖАНХЬУЭТ Зуэ.

●Израиль - КЪБР

Израильм кьикІа хьэщІэхэр. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Псоми адыгэбзэ ящІэ

Бадзэуэгъуэм и 21-м ди республикэм кьэкІуащ Израильм щыпсэу ди льэпкъэгъуэхэм я «Іуащхьэмахуэ» къэфакІуэ ансамблым хэт ныжьышІэхэр. «Минеральные Воды» аэропортым ахэр гуапэу кьыщрагъэблэгъащ КъБР-м щалэрагъуаз Іуэхухэмрэ зыгъэзыІэнхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Іашуты Борисрэ Къэрэдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псальэ» газетым и редактор нэхьащхьэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэдрэ.

АЭРОПОРТЫМ кьащыпежьа, адыгэ фащэ екІу зыщыгъ пщащэмрэ щІалэмрэ, удз гъэгъакъэр щалъагъум хуабжьу я гуапэ хууащ хьэщІэхэм, адыгэ щІыгум кьыІэрихьар псэкІэ зэрызыхащІэр жаІащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым тхьэмахуэкІэ щыхьэщІэну кьэкІуа къэфакІуэ гупым хэт ныжькьащІэхэр дахэу кьыІэрыфэм хуэдэуи анэдэлъхубзэр тэрэзу ягъэщэрыуэ, адыгэ лъэпкым кьыІэрыхьэкІар нэрылъагъуэу, зыІыгъыкІэ екІу яІэщ.

- Адыгэ хэкум кьэтша щыкІухэр илъэс зыбжанэ хьауэу ансамблым хэтщ, - жеІэ Рихьэлие жьлэм и тхьэмадэ Тырку Джихьэт. - Абыхэм яхэтщ Налшык иджы япэу кьакІуэхэри, зыбжанэрэ щыІахэри.

Илъэсиблым нэблэгъауэ диІэщ мы гупыр. Школым щІэсхэу кьофэхэр, итІанэ еджакІуэ кІуэн е кьулыкьум трагъэкІуэн хуей хуэхэм, хокІыжри, я щхьэ Іуэху зэрахуэ. Аргуэру, жэрдэм зиІэр куэдщи, цІыхуІэхэр кьыдощтэ. Нобэ ди гъусэхэр илъэси 3-м щІигъуауэ кьыІэдофэ. Абыхэм ягъэзащІэ адыгэ кьафэ зэмыщхьэхэр, нэгъуэщІ льэпкъхэм я кьафэхэр.

Израилым щыпсэу адыгэхэр кьуажитІым - Кфар-Камэрэ Рихьэнйерэ щопсэу. Ахэр ядолажьэ икІи ныжькьэгъу пэжу кьадогъуэгурыкІуэ зыхэс льэпкъхэм. Кьыжьыдапхъэщ ди зэхуцытыкІэхэр зэрымыІейр, адыгэм пщІэшхуэ кьыззрытхуащІыр, лъэІу гуэр диІэми дыкьыІэзрамыгъэщІэхэр.

УмащІэу льэпкъыщхуэм ущыхэсым деж ухуейухуэмеІми, бзэри хабзэри пІэщІоху. Ауэ дэ зэрытхузэфІэкІкІэ иужь дитщ ди адэжьхэм куэд щІауэ кьадекІуэкІ хабзэхэр зэрытхьумэным, бзэр зэрызыщІдмыгъэгъупщэным. Нэхъыжьыуэхэм хьарзынэу ящІэ анэдэлъхубзэр, кьытщІэхъуэ щІэблэмэ ар зэрагъэшэрыуэным догугъу. Мис мы цІыкІуэри зэрызэпсалъэр адыгэбзэщ, я унагъуэхэм кьыщеІкІуэныр аращи. Школым хьэрыпыбзэр, инджылызыбзэр, ивритыр щызрагъащІэ, адэ-анэхэм ди кьалэн нэхъыщхьэр а псоми япэ игъэщІапхъэ адыгэбзэр унагъуэм щедгъэщІэныращи, унэм дыщыщІэсым деж хамэбзэкІэ дыпсалъэркъым...

Пэжщ Джихьэт жиІэр, ныжькьащІэхэм, щхьэж кьызыхэкІа лакъуэ елытауэ, диалект зэмыщхьхэмкІэ кьыджалащ Къэбэрдей и хьыбар куэд эрыгъэхахьр, ар зрагъэльагъуну я нэр кьызэрикІыр, адэжь щынальэм ис адыгэ нэсхэм яІущІэну, епсэльэну жэрдэмыщхуэ зэралэр.

Израильм кьикІа хьэщІэхэм дыгъуасэ Налшык и щыпІэ нэхъ дахэхэм зыщрагъэпІыхьащ. Ахэр щыІащ Льэпкъ музейм. ЯфІэтхэщІэгъуэну епльащ абы и пэш зэхуэмыдэхэм кьыщеГъэувэкІа экспонатхэм, философие щІэныгъэхэм я доктор Едрик Батырай и «Адыгэм и тхыдэр - картэхэмкІэ, хамэ кьэрал кьыдэкІыгъуэхэмкІэ» гъэльэгъуэныгъэм, нэгъуэщІхэмк. Мы махуэхэм ахэр ящэнущ Гъэл щхьэнтІэхэм, Шэджэм псыкьелъэхэм, Іуащхьэмахуэ льапэ.

ХьэщІэхэм хэкужьым зэрыщызагъэпсэхунум кьыдэкІуэу, езыхэми ди гуапэ ящыІнущ. Мэрем кьажІуэ, бадзэуэгъуэм и 22-м, сыхьэт 19-м щІэщІхьэмахуэ» ансамблым концерт щитынущ Къэрал концерт гъэльэгъуапІэм. Апхуэдизуи республикэм и район зыбжанэм зыкьыщигъэльэгъуэнущ, щалэгъуаэм яІущІэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 27-м ди льэпкъэгъуэхэр Адыгэ Республикэм кІуэнущ, ди къуэшхэм я щыІэкІэ-псэукІэр зрагъэльагъуну, я зэфІэкІхэмкІэ ядэгугъэшэну.

НЭЩЭПЫДЖЭ Замирэ.

Ди газетым зэрытетащ, бадзэуэгъуэм и 11-м КЪР-м и Правительством и Президент кIуэлIащ КъБР-м и Президентым дежи щыIэ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ.

АР КЪЩЫЗЭIУИХЫМ КъБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен** кьыхигъэщащ ыгъэсхьылъхьэ Жылагъуэ-Iуэхугъуэ хэм лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэр ялытэу щIэблэр кьэгъэтэджьыныкIэ, ди щIыналъэм эгугыпсыхьагъэм рэ зыуэ эщIынысыгъэ щыгъыбзэныжьыкIэ мыхьэнэшхуэ иIэу кьызэриIытэр.

- Нужьрей илъэс 15 - 20-м ехуэмIа зэхэщIауэ щыгъуэм политикэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьагъэтIысхьащ щэнхабзэрэ щыхуэхэм я щыIэкIэ-псэукIэм пащIэ нэгъуэщI Iэнатlэ къуди, - жиIащ Президентым. - А псор гъэзэкIуэжьыным зэкIэ зэрытекIуэдэнум щэч хэлъкьым, нэхъыщхьэр а пIалъэр гъэмэщIауэ зыужьыныгъэм хэзыгъэпсыгъэ щэнхабзэрэ щыхуэхэм я щыIэкIэ-псэукIэм пащIэ нэгъуэщI Iэнатlэ къуди, - жиIащ Президентым. - А псор гъэзэкIуэжьыным зэкIэ зэрытекIуэдэнум щэч хэлъкьым, нэхъыщхьэр а пIалъэр гъэмэщIауэ зыужьыныгъэм тегъэпсыхьа республикэпсо программэ пIуныхьIа къэзгъэныр, нэгъуэщI зыужьыныгъэ.

ЗэIущIэм кьрихьэлIахэр ялъэ Iуэхугъуэгъу хэлъащ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым 2008 - 2009 гъэхэм зэлэжьыныхэмрэ щыгъэхуэсыну пIалъэхэмрэ зэбзыхьым. Абыкlэ кьызэхуэсахэм я пащхьэ кьыдыпсэлъащ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым и унэтIакIуэ (координата) **Тхьэгъэпсо Хьэжьисмел.** Абы кьызэрыхьыжьащ, зэманкIэ гъунэгъум зи гугъу ящIыныхэм хохьэ ди республикэм и щэнхабзэм зезыгъэужьы хэкIыпIэхэр кьыгъэуэтыныр (абы теуэуа зэIущIэр кьызэгъэпэщылъыр я пщэрыльщ **Рахаев Анатолий** зи унафэщIу Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым щэнхабзэмкIэ и комиссэм хэтхэм), щIалэгъуалэ политикэр ди республикэм зэрыщыгъуэнамрэ абы хуэзэфIэкIэхэм (жоуэн зыхьыр щIалэгъуалэ политикэмкIэ советым и комиссэу **Абрэдж Мартин** зи унафэщIыр). Илъэсыр имыкIыу зыхъэплъэн хуей Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ялъэхугъэ Ауэ Налшык щылажьэ къэрал театрхэм я щхьэ тральхьэркым ди щIыналъэм и кIуэжьэхэрэр районхэрэ кIуэуэ спектаклхэр щагъэпэгъуэ

Урысей Федерацэм и телъыджэхэм ящыщ зы

Си нэгу щIэмыкI Іуащхьэмахуэ...

Іуащхьэмахуэ хьыбар хьэлэмэт дыдэхэр хуэзакIыхь у, Іуэрыіуатэм увыпIэ ин щичыбыду щытащ. Ар гурыІуэгъуэщ: Іуащхьэмахуэ хуэдэ щыIэкъым, абы зэ уІупльауэ уи гум кьимынэнкIэ Іэмал иІэкъым.

Хамэ къэрал щыпсэу цыхуэхэм «Кавказ» псальэр зэхахамэ, Іуащхьэмахуэ я нэгу кьыщІоувэ, хамэ щыгъуэ псэупIэ зыхуэхьуа ди лъэпкъегъуэхэм мыпхуэдэ псальэхэр я гущIэм кьокI:

...Ауэ мы сигу къэбэгам
СлъэкIатэм нобэ тесльхьну
Ди Кавказ кьурш къраха
Си хэку и зы мыл кIанэ -
СылIэми здэнти итIанэ...

Дауи, мы псальэхэр зызыІам Кавказ кьуршхэм кьаэлыдыкIыу и нэгу кьыщIэувар Іуащхьэмахуэщ.

Ростов укъыщыхуэкIуэкIэ, Невинномысск кьызэбнэкIа нэужьщ Іуащхьэмахуэ кьыщыпльагъур. Абы жыжьэу ущыхуэпльэм дж, щхьэкIуэу, ауэ пагэу щIэпльыпIэм зыщызыІэта, уэсымрэ мылымрэ зэщIэзыгъэпщыпщэ Іуащхьэм уи гупсысэхэр зэщIещтэ. Зэуи ар зэрыІуащхьэр кьыбгурыІуэркъым, насып Іуащхьэр зэи зымылъэгъуахэм ар пшэ хужьу кьащохь у. ГъэщIэгъуэнраКъэ, сэмэгурабгъумкIи ижьырабгъумкIи нэгъуэщI Іуащхьэ щыпльагъуркъым - Іуащхьэмахуэ зэризакъуэщ. Арагъэнщ абы и щыгум ущитым деж Кавказ кьурш тхыдэр уи Іэгум илым хуэдэу щIэпльагъур.

Іуащхьэмахуэ Европэ псом щынэхь инщ. Ар и теплъэмэ гъуэзэджэщ, и «нэкIущхьэм» тель уэс губгъуэ зэщIэлыдэхэм я дахагъэр псальэкIэ кьыпхуэмыІуэтэным хуэдэщ.

Инджылызхэм яфIэфIкъым хамэщIым щытхъуну, ауэ Іуащхьэмахуэ дэкIа нэужь, Фрешфильд Дуглас «Кавказ къэхутэныгъэхэр» жыхуиІэ и тхылъ цIэрыІуэм мыпхуэдэу кьыщигъэлъэгъуэжауэ щытащ и гурыщIэхэр: «Іуащхьэмахуэ щыгум ситу сыкъыщепльыхам, си пащхь и итеплъэм нэхь гъэщIэгъуэн дыдэу хэльыр Кавказышхуэм икурат. Сэ зэи срихьэлIатэкъым зы льагаIэм утету кьурш кIапсэ псор хуиту щыпльагъу щыпIэ. Кавказ льагаIэхэр дахэщ, и егъэзыхьыгъуэхэр нэхь задэщ, и щыгухэр нэхь папщIэщ».

Дауи, гурыІуэгъуэщ альпинистхэр апхуэдизу Іуащхьэмахуэ кьыщIекIуалIэр.

ЦIыхум и псэр зыІэпишэу, сурэткIэ зэ зыльэгъуам и гум кьинэу, и дахагъэмрэ теплъэкIэ адрей Іуащхьэхэм кьахэщу щытащ икIи щытщ Іуащхьэмахуэ. Абы и щыхьэтщ иджыблагъэ ар Урысейм и тельыджиблым ящыщ зэрыхьуар. Сыт-тIэ, «ди напщIэм тепъ, ди щхьэр льагъэ дэзыгъэльагъуж Іуащхьэм» и щэхур? Сыт абы шынагъуэу къуэлыр? Сыт и ныбжь Кавказым и налкъутым?

Вулкану къыщIэукI

ГеологиемкIэ институтым и щIэныгъэлIхэм кьызэралытэмкIэ, Іуащхьэмахуэ кьулейсызыгъэшхуэ нэхь кьэзыщIэхьуну вулканщ. Іуащхьэмахуэ и изотоп-геохронологие кьэхутэныгъэхэр езыгъэкIуэкIа урысей вулканологхэм Европэм и вулкан нэхь ин дыдэм (Іуащхьэмахуэ) и тхыдэр яджащ икIи адэкIэ и щытыкIэнур наІуэ кьызэращынум яужь итщ. Иужьрей технологиехэм ящыщ К-Ar изотоп лIэужьыгъуэмкIэ ирагъэкIуэкIа кьэхутэныгъэм кьигъэлъэгъуащ «Іуащхьэмахуэ кьызэрыхьурэ илъэс мин 250-рэ мэхъу» жызыІэхэр зэрыщыуэр. ЩIэныгъэлIхэм зэрагугъэмкIэ, «ди налкъутым» и ныбжьыр илъэс мин 800-м фIокI! А зэманым щыІар «Палео-Іуащхьэмахуэщ» е зэхэмыхьэ, ауэ зэпэгъуэнэгъу вулкан зыщыплIщ.

Зэгуэр Іуащхьэмахуэ идза лыгъэр (лавэр) здэжэха ипщэ егъэзыхыгъуэм тель пкьыгъуэхэм я зэхэлыкIэр, я ныбжьыр зыджахэм наІуэ кьащI ахэр кьатиплIу зэрызэтельыр. ЩIыуэпс пкьыгъуэ нэхьыжь дыдэхэм я ныбжьыр илъэс мин 205-170-рэ мэхъу, етIуанэ, ещанэ кьатхэр илъэс мин 110-90, еплIанэм, «нэхьыщIэ дыдэм» илъэс мин 35-рэ нэхьыбэ епТынукъым.

КъэхутакIуэхэм нэхъ гулъытэ хэха хуащIу яджар Азаухэ зыІунэтIа, Іуащхьэмахуэ и кьуэкIыпIэмкIэ щежэха лавэращ. Вулканологхэм кьаІыгъэ, абы илъэс мини 4 фIэкI имыныбжьщ. Апхуэдэ тельыджэр зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу, еджагъэлIхэм иджыри зы Іуэхугъуэ кьыхагъэщ: иджыри кьэс щIэныгъэм жиІар, Іуащхьэмахуэ и льагаIэ кьуэхьэпIэмкIэ щыІэр, зэпкърыщIэщыжыр, кьуэкIыпIэмкIэ щыІэм нэхъыр нэхьыжьщ. Ауэ кьыІэрыщIэкIымкIэ, кьухьэпIэ лавэхэр щIалэ дыдэщ - абыхэм илъэс мини 10-40 я ныбжьу аращ.

Къэхутэныгъэхэм япкъ иткIэ, щIэныгъэлIхэр Іуащхьэмахуэ и «гъащIэ гъуэгуанэм» иріпльащ, и тхыдэр зэфIагъэувэжащ. Абы Іупщу кьыхощ Іуащхьэмахуэ и «губжьыгъуэ» льэхьэнэхэр - илъэс мин 225 -170, 110 - 70, 35 зэхэлIабжьыкъм щыІауэ. Япэу кьэхтэ зэманым ирихьэлIэу Іуащхьэмахуэ кьикIа лавэр ипщэ, ищхьэрэ-кьухьэпIэ, кьухьэпIэ егъэзыхьгъуэхэмкIэ, етIуанэм - ищхьэрэм, ещанэм - Іуащхьэм и ипщэ, и ищхьэрэ льэныкъуэхэмкIэ ехащ. Іуащхьэмахуэ и апхуэдэ «техьэгъуэ гуащIэхэр» илъэс 50 хуэдизкIэ екIуэкIырт, зэ3эмызэ нэхъ кIащхьэ хьурт.

ГъэщIэгъуэнракъэ, Іуащхьэмахуэ-вулканым и кьэушыгъуэхэм ирихьэ лъу, Кавказышхуэм и Кельскэ вулкан инри кьибыргъуэкIуэ щытащ (илъэс мин 225 -175, 130 - 60, 30-кIэ уэзэбзкIыжмэ).

Сыт иджы Іуащхьэмахуэ тхуигъэхьэзырыр? Дапщэщ дыщежьэнур абы и зи чэзу къэушыгъуэм? Ди жагъуэ зэрыхьунщи, мы упщIэхэм я жэуапыр пыухыкIауэ еджагъэшхуэхэм наІуэ кьащIыфыркъым. Іуащхьэмахуэ и иужьрей лавэ кьикIыгъуэ лъэхъэнэр увыІэжауэ арамэ, иджыри илъэс мини 10 хуэдизкIэ ар мамыру щытынущ. Ауэ вулканыр иджыри «лажьэу» щытмэ, кьытпэщылIыр шынагъуэщ. Іуэхум и пэжыпIэр еджагъэшхуэхэм нэсу зэхамыгъэкIами, абыхэм зы жьэу зэдыжаІэр зыщ - Іуащхьэмахуэ - кьулейсызыгъэшхуэ кьэзыщэнкIэ хьуну вулканщ.

Дауэ кьызэрыхьуар?

Сыт хуэдэ вулканри и теплъэкIэ зи пэнцIывыр пыуда конусым ещхьщ. Іуащхьэмахуи аращ. Ауэ адрей вулкан псоми кьахигъэщхьэхукIыу Іуащхьэмахуэ тIууэ зэгуэтщ. Ар гъэщIэгъуэнкъэ-тIэ?!

Іуащхьэмахуэ и губжьыгъуэм кьызэрикIыу щыта щыкIэм дытепсэльыхьыщ, абы и теплъэр апхуэдэу щIыщытыр гурыІуэгъуэ хьун папщIэ.

Псом япэрауэ, Іуащхьэщ къэунэхуар и инагъкIэ хуэм дыдэу хэхьуэрэ, зы зэман гъуэз кьрихун щIедзэ. Ауэ Іуащхьэр псынщIэу кьэунэхуамэ, Іэмал имыІэу, гъуэзыр кьримыхуу, кьэуэнущ. А гъуэзым щIыгъуу, гъуанэ хъуа Іуащхьэм мывэ кIэщхъи псы пщтыри куэду кьредз. Абы кьикI псым и хуабагьыр градус 500-м ноблагъэ. А псори апхуэдизкIэ кьарушхуэ хэльу, зэпымыуэ кьокI вулканми, зеІэтри, хьэуам хохьэ икIи Іуащхьэм кьыщхьэщоувэж. МахуэкIэ ар кIыфIыгъэу уольагъу, жэщкIэ нурым хуэдэу кьоблэ, зи щхьэр теха вулканым кьикIыну магмэр кьикуэльыкIыурэ кьыдокIуейри. Хьэуам хэт апхуэдэ гъуэзэм километри 5-кIэ заІэт! 1883 гъэм Кракатау вулканыр кьыщикIам щыгъуэ, зи гугъу ттщы гъуэзым километр 27-кIэ зиІэтат. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, Іуащхьэмахуэ кьыщикIами, зыкIи нэхъ тIасхъэу щытакъым.

Бахъэ пщтырым щыгъуу водород, аммиак, серэ, углерод, нэгъуэщIхэри кьокI. А псоми гъусэ хуохьуж щы хьейр.

Хуит хъуа гъуэзым, фочым кьикI шэм и псынщIагъым хуэдизу, зреч. Уафэм дэкIуея бахьэр упщIыІужа нэужь, уэшхыу кьоштхьж. АбыкIэ зэфIэкIми, насыпт. Хьэуам хьыха мывэ кIэщхъымрэ сабэмрэ уэшхыпсым щыгъуу кьехьжарэ, Іуащхьэм и егъэзыхьгъуэхэм псыдзэу кьыщежэхьжым деж, и пащхьэ кьихуэу хьуар зэтрекъутэ, апхуэдизкIэ хьэльэщи. А псом щы хъейм рэ абы ищI макъ шынагъуэмрэ кьыхьыхьэжамэ, дунейр кьутэжу кьыпщохьу. ИгъуэкIыІуэ, Іуащхьэм и егъэзыхьгъуэхэм ящыщ зы. Ар ирихьэлIэу Іуащхьэмахуэ и ныбжьыр зыджахэм наІуэ кьащI ахэр кьатиплIу зэрызэтельыр. ЩIыуэпс пкьыгъуэ нэхьыжь дыдэхэм я ныбжьыр илъэс мин 205-170-рэ мэхъу, етIуанэ, ещанэ кьатхэр илъэс мини 110-90, еплIанэм, «нэхьыщIэ дыдэм» илъэс мин 35-рэ нэхьыбэ епТынукъым.

Іуащхьэмахуэ и кьэунэ хуэкIэри апхуэдэущ ди нэгу кьызэрыщIэдгъэхьэн хуейр. Ар зэрызэхэль щыуэпс пкьыгъуэхэр я щыхьэтщ ищхьэкIэ зи гугъу ттща гъуэгуанэр Іуащхьэмахуэ зэрызэпичам. Іуащхьэмахуэ тель пкьыгъуэхэм кремнезему процент 50-75-рэ хэльщ. АраУэ жаІэ дыдэрыпагэ Іуащхьэ быдэр апхуэдизилъэс мин бжыгъэ хъууэ зэрыщытыр зи фIыгъэр.

Льэхьэнэ зэмылIэужьыгъуэхэм Іуащхьэмахуэ кьикIа лавэхэр зэхэгъэбгъадэмэ, я плыфэкIэ зэхэщIэзэмыщхьщ: фIыщIэм кьыщыщIэдзауэ щхъуэ-хужьыфэм нос, плыжьым и плыфэхэми щыщ кьыхохьэ.

Іуащхьэмахуэрэ Мэшыкъуэрэ зэпызыщIэ кьурш тхыщIэм урипльэмэ, я тIум я зэхуакум мыин дыдэу Іуащхьэ 17 дэтщ. ЩIэныгъэлIх эм кьыІэрахутамкIэ, ахэр и кIэм нэсу зэпэщ мыхьуа вулканщ. Лавэр кьыщикIыну щIыпIэр кьыхуэмыІуэту, «кьикIухьу» щы щIагъым щIэтыху, щIыпIэ-щIыпIэкIэ щы щхьэфэр кьыІэзгуитхьыну хуежьэурэ, кьыпхиша хьуауэ аращ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, а щIыпIэхэм лавэм кьыщемыхьулIар Іуащхьэмахуэ деж «щIыІэтэжащ».

Аращ Іуащхьэмахуэ и тхыдэри и гъуэгуанэри.

Нобэ Іуащхьэмахуэ уеплъмэ, хэзымыщIыкIыххэми кьыгурыІуэнущ абы и щыгуитIыр зыкIи зэжьэхэмыІуэу кратер щхьэхуэхэу зэрыщытыр. Абы хэм я зэхуакум дэлъыр километр 1,5-рэщ, нэхъ льагэри кьухьэпIэмкIэ щыІэращ (метр мини 5633-рэ). Іуащхьэмахуэ и иужь дыдэ кьикIыгъуэм Іуащхьэм апхуэдэ теплъэ зэрыритари наІуэщ.

Іуащхьэмахуэ и тхыдэм кьыхощ ар плIэ нэхъри нэхъ мащIэ «кьыІэрымыушар», кьикIыхуи Іэгъуэблагъэм зэрыпльэсар, абы и «зэранкIи» Іуащхьэ, бгы, кьуршхэр кьыІэрыунэхуар.

Е здэщымыІэм фIы щыІэкъым

Зэрыжьы Іащи, Іуащхьэмахуэ кьибыргъукIа нэужь, абы и щыгум кьыщыунэхуа кумб абрагъуэм куэдрэ псы бахьэрэ гъуэз зэмылIэужьыгъуэхэмрэ кьрихуащ. Іуащхьэ льабжьэм щыІэ хуабагьыр нэхьыбэкуклэ, абы кьыдэкIуей гъуэзхэр куэдт, я зэхэльыкIэкIи бейт: Температурэр нэхъ льаХьшэ щыхьукIэ ахэри мащIэ хьурт, я зыныкъуэхэр кьикIыжьыхэрэтэкъым. Апхуэдэурэ, Іуащхьэ «упщIыІужам» псы бахьэрэ серэрэ кьищынэмыщIа нэгъуэщI зыри «кьыкIуэцIымыкIыж» хъуащ. Апхуэдэ щытыкIэщ Іуащхьэмахуэ иджыпсту зэрытыр. ЩIэныгъэлIхэр абы фуморол льэхьэнэкIэ йоджэ. Ар вулкан «жеижам» и нэщэнэщ. ЕтIуанэ нэщэнэу еджагъэшхуэхэм кьраІуэ абы кьыщIож псы хущхьуэхэр, нартсанэкIэ дыЗэджэхэр. Зэгуэр Іащхьэмахуэ кьыпхиуда льадвэхэр щыгум кьыЗэрыдэкIуея льагъуэ зэращ нартсанэр абы кьыЗэрыщIэкIыр.

УпщIэ кьоув: Іуащхьэмахуэ кьыщIэж псы хущхьуэхэр щхьэ пщтыр? Абы и жэуапыр тIэкIи шынагъуэщ икIи гъэщIэгъуэнщ - Іуащхьэмахуэ и льабжьэ иджыри «кьыщокьуалъэ» илъэс мин 30 ипэкIэ кьикIауэ щыта лавэм щыщ! Аращ ди щIынальэр дуней псом щIэрыІуэ щызыщIа псы хущхьуэхэр кьэзыгъэхуабэр.

И льабжьэм - лыгъей, и щыгум - уае

КьыЗэрабжамкIэ, Іуащхьэмахуэ кьытесэ уэсыр зэи мыгъкIуэу щытатэмэ, илъэс мини 2-м кьриубыдэу километри 2-кIэ нэхъ льагэ хьунут. Ауэ абы и льагагъым зихьуэжыркъым - уэсыр жым трехьж, бахьэ мэхъуж, мэжри, щымылу зэроубыд, уэсуэкхьуэу кьох.

Іуащхьэмахуэ и дахэгъуэр (сыт хуэдэ щыпIэми хуэдэу) гъэмахуэ бзыгъэращ, дыгъэ бзийхэм налмэсу щыпэлыдым дежщ. Мис а зэман дахэращ Іуащхьэмахуэ тель уэс Іув ткIужхэр псы уэру кьыщежэхыжыр. Іуащхьэм кьежэх псыр сыт хуэдэ зэгуэчыпIэми, гъуанэ-пщIанэми йольадэ, жэщым аргуэру мэщтыж. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, псыр щыщтым деж, мэбэг, абы щIыуэпс пкьыгъуэхэр зэгуечри, кьерегъэщIэх.

Іуащхьэмахуэ и щыгу дыдэм (метр мини 5642) кьыщыщIэдзауэ метр мини 4900 нэс тель уэсыр зэи ткIуркъым, температурэр 0-м нэхърэ щынэхъ мащIэщи. Зэрыжьы Іащи, мы щыпIэм тель уэсыр е бахьэ мэхъу, е ку уэду щызэтрихьам деж, и хьэльагъым кьрешажьэри, кьощэтэх.

Метр мини 3800-м кьыщыщIэдзауэ мини 4900-м нэс «мыл губгъуэкIэ» йоджэ геологхэр. Мыбдеж нэс кьещэтэха уэсыр кристалл мэхъу, тхъэрыкьуэ дждыкIэ хуэдизу зэхэлъу. Абыхэм, Іуащхьэмахуэ и хъуреягъкIэ кьешэкIауэ, уэрдыхьу фIэкI умыщIэу, ехьигъуэу метр зы миным щIигъу яубыд. КьызэрабжамкIи, а «уэрдыхьум» кьежэжхэ псым щымыл 13 егъэнщI икIи Псыжь (Кубань), Бахьсэн, Тэрч, Балькъ псыхэм я льынтхуэ нэхьыщхьщ.

Іуащхьэмахуэ и мылымрэ уэсымрэ зэрыщыту зэхэпльхьэжмэ, километр зэбгъуэзэнатIи 150-рэ мэхъу. Уэс нэхьыбэ зытельри, ищхьэрэ льагаIэрщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, хы ФIыщIэ льэныкьуэмкIэ ипщэ-кьухьэпIэ жьыхэм псыгъэ къахьри, ар Іуащхьэмахуэ деж уэсу кьыщохьж.

Вулканым и щымыл нэхъ ин дыдэхэм зэщыщщ ищхьэрэкIэ ек Уллу-Чиран (Балькъ псым щIэдзаIэ хуэхъур), кьухьэпIэмкIэ - Уллу-Кам, Уллу-Хурзук (Псыжь), кьуэкIыпIэмкIэ - Ирик-Чат, Терскол, Ирик, ипщэмкIэ - Азау Ин, Азау ЦIыкIу, Гара-Баши.

И тхыдэр

1813 гъэ - Урысей академик Вишневскэм Іуащхьэмахуэ и льагагъыр зыхуэдизыр япэ дыдэ кьихутащ.

1829 гъэ - Хьэшыр Чылар Іуащхьэмахуэ дэкIащ.

1868 гъэ - Іуащхьэмахуэ и кьуэкIыпIэ льагаIэм дэкIуеящ инджылыз экспедицэ, Фрешфильд Дуглас зи пашэр. Ахэр абы дэзышеяр балькъэр щакIуэ Соттаев Ахиещ.

1874 гъэ - «Кавказ щыІэ» тхылъыр зи Іэдакъэщ Іэ Грове Ф. зи пашэ инджылыз альпинистхэр Іуащхьэмахуэ дэкIащ.

1891 гъэ - Мерцбахер Готторидрэ Пуртчеллер Людвигрэ, Терскол кьыщыщIадзэри, сыхьэти 8-м и кIуэцIкIэ Іуащхьэмахуэ и кьухьэпIэ льагаIэм дэкIащ.

1907 гъэ - Геолог Дубянский В.В. Іуащхьэмахуэ джын щидзащ.

1909 гъэ - Іуащхьэмахуэ и метр мини 3200 льагаIэм деж цыхуи 5 зыщIэхуэ пщыІэ щащIащ.

1925 гъэ - щIэныгъэлIхэм Іуащхьэмахуэ тель мылхэр джын щIадзащ.

1925 гъэ - Урысейм и альпинистхэр япэ дыдэ Іуащхьэмахуэ дэкIащ.

1925 гъэ - япэ дыдэ Іуащхьэмахуэ цыхубз дэкIащ (Джапаридзе А.).

1931 гъэ - профессор Конопасевич В. А. зи пашэ экспедицэр Іуащхьэмахуэ и кьуэкIыпIэ льагаIэм лыжэкIэ дэкIуеящ.

1932 гъэ - метр мини 4200-м деж пхъэм кьыхэщIыкIа «ПщыкIуэым я екIуэлаIэ» унэр щауХуащ. Абы цыху 40 щIохуэ.

1933 гъэ - метр мини 5300-м деж «Седловина» екIуэлаIэр щауХуащ.

1935 гъэ - Орджоникидзе пединститутым и студент пщащэ гуп (Аракелян А., Полторадневэ А., Свешниковэ С., Родкинэ З., Чихрадзе Е.) япэ дыдэ щымахуэу Іуащхьэмахуэ дэкIащ.

1936 гъэ - Іуащхьэмахуэ щыгум кьыщыщIэдзауэ «ПщыкIуэым я екIуэлаIэм» нэс лыжэкIэ мэзкуу сламолист Гиппенрейтер В. кьехащ.

1946 гъэ- Кьэбэрдей АССР-м илъэс 25-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ цыху 40 зэгъусэу Іуащхьэмахуэ дэкIащ.

1950 гъэ - Іуащхьэмахуэ и кьуэкIыпIэ льагаIэм автометеостанц тращIыхьащ.

1963 гъэ - Спортым и мастер Берберашвили А. Іуащхьэмахуэ мотоциклкIэ дэкIащ.

1967 гъэ - зы мах уэм кьриубыдэу Іуащхьэмахуэ цыху 2536-рэ дэкIащ, Октябрь революцэр илъэс 50 зэрырикъум и щыхькIэ.

1974 гъэ -«Чегет» турбазэр кьызэрагъэпэщащ.

1982 гъэ - СССР-р илъэс 60 щрикъум ирихьэлIэу Іуащхьэмахуэ гупышхуэ дэкIащ.

2008 гъэ - Іуащхьэмахуэ Урысейм и тельыджиблым хагъэхьащ.

И фIэщыгъэцIэхэр

Альборс - «Іуащхьэ льагэ» *(къэжэр)*
Ял-буз - «уэс соку» *(куржы)*
Минги-Тау - «Іуащхьэ мин» *(балькъэр, къэрэшей)*
Іуащхьэмахуэ - «насып Іуащхьэ» *(адыгэбзэ)*
Уро-хох - «Іуащхьэ хужь» *(осетин)*
Стыр-хох - «Іуащхьэ ин» *(осетин)*

Зыгъэхьэзырар
КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ.



Первовосходитель на вершину Ошхамахо

1829-2008



Килар Хаширов (1799-1852 гг.)
Портрет работы Михаила Кастромина и Михаила Галушко.

Генерал приказал бить в барабаны

Здесь мы разделились на две группы: одна продвигалась к вершине, в то время как другая стояла. Но вдруг он заметил единственного человека, который обогнал всех остальных и почти преодолел снежную поверхность, отделяющую от вершины последний уровень скал, о которых мы говорили. Он приблизился к крутой скале, образующей саму вершину, и, свернув, слился с чернотой скал и затем исчез в тумане, вновь окутавшем, долину и скрыл Эльбрус из виду. Он взошел в одиннадцать часов утра. Генерал не мог больше сомневаться, что кто-кто из нас не взошел на вершину. По цвету его одежды можно было хорошо рассмотреть, что это был черкес, но по его силуэту на таком расстоянии трудно было его узнать. Генерал приказал бить в барабаны и сделать несколько выстрелов из мушкетов, чтобы возвестить всему лагерю об этом знаменательном событии. Затем он терпеливо ждал нашего возвращения.

Килар, так звали черкеса, который достиг вершины Эльбруса, сумел лучше нас воспользоваться утренним холодом и значительно раньше нас миновал границу вечных снегов. Когда Ленц достиг места своей последней остановки, Килар уже возвращался с вершины. Снег начал размягчаться только с одиннадцати часов. Он же шел по твердому насту до самой вершины и, только спускаясь, встретил те же трудности, что и мы. Несмотря на то, что он прежде никогда не пытался покорить вершину, он все же поднялся на значительную высоту. Он вернулся в лагерь на час раньше, чем мы, чтобы получить от генерала вознаграждение, полагающееся ему за мужество. Но генерал дождался возвращения всех, чтобы придать церемонии бульшую торжественность. После того как расположились за столом, на глазах у всего лагеря генерал выплатил ему вознаграждение, которое предназначалось для того, кто первым достигнет вершины, добавив к этому кусок сукна на кафтан, и мы выпили за его здоровье.

Академик ***А.Я. КУПФЕР.***

Родословная Килара Хаширова



Составил научный сотрудник Национального музея КБР Хасан Яхтанигов (1985 г.).

Покоренный исполин

Из доклада, сделанного в Академии наук России о путешествии в окрестности горы Эльбрус на Кавказе, предпринятом по приказу Его Императорского Величества господином Адольфом Яковлевичем Купфером

О том, как закончилось восхождение, довольно живо рассказывает в своей книге **Жан-Шарль де Бесс:** «Мы увидели господ академиков лишь во время их возвращения в лагерь. Они были измучены усталостью и мокрыми от талого снега. У них были распухшие веки и покрытые пятнами лица. Надо воздать должное господам академикам: они со своей стороны сделали все, что под силу человеку. **Мы восхищались также и скромностью этого простого человека, живущего в Вольном Ауле на реке Нальчик в Большой Кабарде. Его зовут Килар. Этот человек единственный из всех, кто, пытаясь взойти на вершину Эльбруса, имел счастье ее достичь. Таким образом память об этом человеке достойна того, чтобы ее передавали следующим поколениям. Этот человек принес с вершины кусок базальта[1], который генерал потребовал расколоть на две одинаковые части, из коих одна была отправлена в Санкт-Петербург, а другая отдана мне, чтобы стать экспонатом в национальном музее Пешта. К вечеру того дня, когда господа академики вернулись в наш лагерь, мы их поздравили с блестящим успехом и счастливым возвращением. У Килара открылась болезнь глаз, и, кроме того, он был таким уставшим, что в этот день не смог предстать перед генералом, чтобы получить свою награду. Церемония вручения была перенесена на другой день».**

В полдень следующего дня командир Линии пригласил всех участников восхождения на застолье. Под троекратный залп из орудий выпили за здоровье императора, соблаговолившего позволить ученым организовать эту экспедицию. Второй тост подняли за Эльбрус, послуживший причиной для знаменательного восхождения. Подняли бокалы в честь Георгия Арсеньевича, учредившего поход в неведомую даль. В разгар пиршества вызвали охотников, которые сопровождали ученых. Генерал Емануель благодарил их и каждого осчастливил подарком, а князя Кучук Жанхота облагодетельствовал золотыми часами, чем выразил свою признательность за оказанную помощь в столь трудном предприятии.

Килара Хаширова чествовали особо, как единственного, кто достиг заветной вершины. Генерал торжественно вручил ему обещанные серебряные монеты и подарил отрез прекрасного сукна на черкеску. В честь мужественного джигита опустошили еще несколько бутылок шампанского.

Место базового лагеря на Малке Джузеппе Бернардацци отметил надписью, высеченной на скале: **"1829 года с 8 по 11 июля Лагерь Генерала от Кавалерии Емануеля"**

Это письмо было отправлено генеральному консулу Австрии в Одессе, чтобы затем быть направленным Его Превосходительству канцлеру Венгрии, Его Высочеству Меттерниху.

● **Документы свидетельствуют**

Имею честь представить

Рапорт генерала Емануэля гр.Паскевичу от 30-го июля 1829 года. №180, Горячеводск

ИМЕЮ честь представить, что экспедиция к обозрению ближайших окрестностей Эльбруса и прочих открытий, выступив со мною из Горячеводска прошлого июня 26-го числа, возвратилась благополучно обратно в Горячеводск сего июля 21 числа.

Впрочем, сделанных вообще открытиях свинца, каменного угля, точильного сланца, алебастра, мела и соснового леса, весьма полезного для Минеральных Вод, чиновник Горного корпуса и академики сделают при представлении своем подробное описание; а между тем я приемлю честь довести до сведения В.С., что экспедиция, по удачному приближению за 15 верст к Эльбрусу, оставила тут все тяжести в Вагенбурге, а последнее орудие за 8 верст по совершенной уже невозможности далее следовать. 8 числа июля вечером, пехота и конница, преодолев все затруднения, достигли самой подошвы Эльбруса и расположились лагерем на Малке. 9 июля все академики и другие, изъявившие желание охотники взойти на Эльбрус, отправились к самому снежному хребту сей горы. 10 числа в 3 часу пополуночи, пользуясь благоприятною погодою, выступили все к исполнению предположенной цели, но после величайших усилий достигнув выше половины Эльбруса, обратились назад; **один только кабардинец, по имени Киллар, успел достигнуть около 11 часов самой вершины сей горы, на которой, водрузив палку, с ним имевшуюся, и обложив ее камнями, спустился обратно, показав первый возможность быть на высочайшей из гор в Европе, почитавшейся до ныне вовсе непреступной**.

Акты Кавказской Археографической Комиссии. Том 7, сс. 940-941.

Удостоверение сеё действительно

1863 года сентября 5 дня, я ниже подписавшийся даю сеё удостоверение в том, что кабардинцев Вольного Аула Кирандуко Килярова и Тепсаруко Хаширова принимаю в свой аул, состоящий на р. Баксан. Обязуюсь по требованию начальства доставлять в Нальчик имеющую на нем повинность. По семи рублей серебром в год вносить за Килярова и Хаширова, если они будут не в состоянии; в другой же аул Килярову и Хаширову без разрешения начальника Кабардинского округа не дозволять переселяться. В том и подписываюсь.

Прапорщик **Кучмазуко Кучмазукин**
(Именная печать)

Удостоверение это действительно дано вольноаульцам Кирандуко Килярову и Тепсаруко Хаширову прапорщиком за своеручным приложением именной своей печати, в том свидетельствую подписью и приложением казенной печати

Сентябрь 12 дня 1863 года.
Укрепление Нальчик
ЦГА КБР, ф. 4-2, опись 63, д. 42, л. 12.

Извлечение из письма г-на адъюнкта Ленца к г-ну академику Парроту, июля 26-го дня

Горячеводск, близ Константиногорска. 1829 г.

Кабардинец Килар, о котором я писал вам, что он достиг вершины, оставил ночлег ранее нас и прежде взошел на вершину, а я на то место, где должен был остановиться. Я полагаю, что пространство, измеренное мною, но высоту коего я издалека мог довольно точно сравнить с пространством, действительно мною измеренным, составляет около 600 футов».

Санкт-Петербургские ведомости. 1829. №118. 2 сентября.

Эти документы представлены редакции «Адыгэ псалъэ» доктором исторических наук Хасаном Думановым.

Текст записи, сделанной на чугунных плитах по указанию Г. А. Емануеля [1]

**В царствование
Всероссийского Императора
Николая I
стоял здесь лагерем
с 8 по 11 июля 1829 года
Командующий
Кавказской линии
генерал от кавалерии
Георгий Емануель:**

**при нем находились:
сын его Георгий 14 лет,
посланные российским правительством
академики:
Купфер, Ленц, Менетрие и Мейер,
также чиновник горного корпуса Вансович,
Минеральных Вод архитектор
Иос. Бернардацци
и венгерский путешественник Ив. Бессе.**

Академики и Бернардацци, оставив лагерь, расположенный в 8000 футах (т.е. 1143 саженях) выше морской поверхности, всходили 10 числа на Эльбрус до 15700 футов (2243 саженей). Вершины же оного 16330 футов (2333 саженей) достиг только кабардинец Хилар.

**Пусть сей скромный камень передаст потомству имена
тех, кои первые проложили путь
к достижению,
поныне почитавшегося непреступным
Эльбруса!**

Отлита на Луганском заводе в 1829 году

[1] Запись скопирована с чугунной плиты, хранящейся в Пятигорском музее краеведения.



У памятника первовосходителю на Эльбрус Килару Хаширову в Приэльбрусье стоят гости из США Джаудат и Мажда Хильми (Хавжокъуэ)
Май 1991 года.

Къэпс зыдз къуэпсыншэ хъуркъым

70 АдыгэлI



Хъурей Феликс. *2008 гъэ*

Инженерышхуэт, ІэщлагъэлI гъуэгуанэ щIэт Хъурей Феликс и адэ Ахьмэд... Ди къуажэм электростанциу дищIыхьыну ныщыкIыуам сэ сыгукIэти, щIэх-щIэхыуэ къыслуей хъурт. Абы и лэжьакIэр, Іуэхур зэрирагъкIуатэр си нэгу щIэкIт, си гум къинэжати, Феликс сыкъуэза нэужькIэ и адэм езгъэщхьат. ИкIи сыщыуатэкъым.

ФЕЛИКС сымыщIыхуатэм, депутатыгъэкIэ сыдэмыIэжьатэм, и тхыпхъэм семыджатэм куэд сфIэкIуэдынут. Нэхъ гъунэгъуэ дыщеджьэ-хьэлIар «Адыгэ Хасэ»-м щиканурылIыгъуэрт. Абы щыгъуэ Хъурейр РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатти, пэжыр ди деж щыпхыгIэжкIым ныбжьыщIэ. Аттэ гугъуэтэкъэ а лъэхъэнэм уэыхуэ, и гъэралым, бэм я сабэп зыхэлъхэр пхыбгъэкIыну.

Хъурейм кIыкIуэт жыхуаIэр ищIэртэкъым - ар щIэмыкъу щIэ гуэркъым пыкъэхэт, кIыпIыгъэт ИкIи и псалъэм григъахуэрэ.

